**दिन–गुरूवार** **दिनांक–17.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभा चुनाव के लऽकऽ महागठबंधन के दल सभ मध्य हरेक स्तर पर समांजस्य बनेबा पर सहमति बनल अछि। राष्ट्रीय जनता दल, कांग्रेस, वाम दल सहित महागठबंधन मे सम्मिलित दल सभक आइ पटना मे आयोजित बैसक मे एहि संबंध मे प्रस्वात पारित कयल गेल। बैसक के दरमियान महागठबंधनक दल सभक मध्य समन्वय के लेल को–ओर्डिनेशन कमिटी बनेबाक सेहो निर्णय कयल गेल अछि। एकर अध्यक्षता तेजस्वी प्रसाद यादव करताह। राजदक प्रदेश कार्यालय मे आयोजित बैसक मे पार्टीक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव, कांग्रेसक प्रदेश प्रभारी कृष्णा अल्लावरू, प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश कुमार, बामपंथी दल सभक वरिष्ठ नेता आ विकासशील इंसान पार्टी के नेता मुकेश सहनी बैसक मे उपस्थित छलाह। बैसक के बाद संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे महागठबंधन के दल सभक मध्य विभिन्न मुद्दा सभ पर सहमति बनि चुकल अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ राष्ट्रीय प्रवक्ता सैयद शाहनवाज हुसैन कहलनि अछि जे राज्यक जनता महागठबंधन के पहिनहि नकारि देलक अछि। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत श्री हुसैन कहलनि जे महागठबंधन के बैसक कयला सँ कोनो लाभ नहि होयत। ओ कहलनि जे बिहार एनडीए मे नेतृत्व के लऽकऽ कोनो विवाद नहि अछि। जखनकि महागठबंधनक नेता एखन धरि तय नहि अछि। श्री हुसैन कहलनि जे सीट समझौता आ मुख्यमंत्री पदक लेल महागठबंधन के दल सभ मे घमासान होबऽबला अछि।

---

सर्वोच्च न्यायाल मे वक्फ संशोधन अधिनियम दू हजार पच्चीसक संवैधानिक वैधता के चुनौती देबऽवला याचिका सभ पर सुनवाई आइ सेहो जारी रहल। सॉलिसीटर जनरल

तुषार मेहता अदालत के सूचित कयलनि अछि जे केन्द्र सरकार एहि मामिला मे सात दिनक भीतर अपन जबाव प्रस्तुत करत। श्री मेहता उच्चतम न्यायालय के ई अश्वासन सेहो देलनि जे वक्फ अधिनियम के धारा– नओ आ चौदह के अंतर्गत केन्द्रीय वक्फ परिषद अथवा राज्य वक्फ बोर्ड मे कोनो नियुक्ति नहि कयल जायत। एकर अलावे अगिला सुनवाई धरि कोनो वक्फ संपत्ति के गैर–अधिसूचित नहि कयल जायत आ निर्दिष्ट कलैक्टर मे कोनो परिवर्तन नहि कयल जायत। एहि मामिलाक अगिला सुनवाई पांच मई के होयत।

———————————————————————

भारतक प्रधान न्यायाधीश संजीव खन्ना अगिला मुख्य न्यायाधीश के रूपम` न्यायमूर्ति बी.आर. गवई के नामक अनुशंसा कयलनि अछि। वर्तमान प्रधान न्यायाधीश न्यायमूर्ति संजीव खन्ना के कार्यकाल तेरह मई के समाप्त भऽ रहल अछि। चौदह मई के श्री गवई देशक बावनम प्रधान न्यायाधीशक रूप मे शपथ ग्रहण करताह। न्यायामूर्ति गवई तेईस नवंबर दू हजार पच्चीस धरि एहि पद पर अपन सेवा देताह।

———————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री संजय सरावगी कहलनि अछि जे राज्यक भूमिहीन परिवार लोकनि के जमीन कीनबाक लेल सरकार एक–एक लाख टाका के राशि देत। समस्तीपुर मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे प्रदेशक सभ पंचायत मे चलाओल जा रहल भूमिहीन सर्वेक्षणक दरमियान एखन धरि एक लाख चौबीस हजार भूमिहीन लोकसभक पहचान कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे ऐहेन लोक सभ के या तऽ जमीन उपलब्ध कराओल जायत अथवा जमीन कीनबाक लेल राशि देल जायत।

———————————————————————

एक बिल्डर सँ रंगदारी माँगब आ जान सँ मरबाक धमकी देबाक मामिला मे फरार आरोपित दानापुर सँ राजद विधायक रीतालाल यादव आइ दानापुर व्यवहार न्यायालय मे आत्मसमर्पण कऽ देलनि। अदालत रीत लाल यादव के न्यायिक हिरासत मे बेउर जेल पठा देलक अछि।

———————————————————————

निगरानी विभागक टीम आय सँ बेसी संपत्ति मामिला मे आइ पूर्णियां के जिला बंदोबस्त पदाधिकारी मुकुल कुमार झा के भागलपुर, पूर्णियां आ पटना स्थित ठेकाना सभ पर छापामारी कयलक। निगरानी विभागक उपाधीक्षक शशि शेखर जनौलनि जे मुकुल कुमार झा के हाजीपुर मे अंचलाधिकारी के पद पर कार्यरत रहैत छप्पन लाख टाका सँ बेसी के अवैध संपत्तिक पता चलल अछि। एहि मामिला मे ई छापामारी कयल गेल अछि।

————————————————————————

मुख्यमंत्री सोलर स्ट्रीट लाईट योजना के कार्यान्वयन मे बेगूसराय जिला प्रदेशभरि मे सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन कयलक अछि। पंचायती राज विभागक समीक्षा बैसक मे विभागीय अधिकारी लोकनि ई जनतब देलनि।

————————————————————————

राज्यक पूर्वी भाग मे कतेको ठाम काल बैसाखी के प्रभाव सँ अंधर–पानि, मेघ–गर्जन आ ठनका–खसबाक घटना भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार बांका के रजौना मे सभ सँ बेसी बाईस मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन मे राज्य मे बेसी ठाम अंधर–पानि, मेघ–गर्जन आ ठनका के आशंका अछि। विभाग अगिला चौबीस घंटा के अंतर्गत बांका, भागलपुर, मुंगेर, सुपौल, अररिया आ किशंनगंज सहित राज्यक उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम तेज हवा के संग वर्षा आ ठनका के येलो अलर्ट जारी कलयक अछि।

————————————————————————

समाप्त